# AMWENSKE OU RAPÒTE DISKRIMINASYON NAN LOJMAN, LI P AP SISPANN.




**Diskriminasyon pa toujou osi evidan. Men li osi blesan ak ilegal. Men kèk siy posib ou ta ka tande nan bouch yon pwopriyetè:**

"Gen anpil trafik. Li pa san danje pou timoun".
"Apatman mwen te pale ou de li nan telefòn nan deja lwe".
"Asirans mwen p ap kouvri yon ranp si ou blese".
"Nou sèlman pran moun ki pale Anglè".
"Anons lan fo. Lwaye a vrèman $75 pi chè chak mwa".
"Mach yo se sa nou genyen. Nou pa ka fè aranjman pou yon pwomnè".

**SI OU SISPÈK GEN DISKRIMINASYON NAN LOJMAN, TANPRI RAPÒTE SA.**

Vizite **www.pbcgov.com/equalopportunity** oswa rele
**(561) 355-4884** (vwa) **(561) 355-1517** (TTY/TDD).

Travay ki te sèvi kòm baz pou piblikasyon sa a te jwenn finansman nan kad yon Akò Koperasyon avèk Depatman Lojman ak Devlopman Iben nan Etazini (U.S. Department of Housing and Urban Development) ki sipòte li. Sibstans ak rezilta travay la dedye ak piblik la. Otè a ak editè a sèlman responsab pou presizyon deklarasyon ak entèpretasyon yo ki nan piblikasyon sa a. Entèpretasyon sa yo pa nesesèman reflete opinyon Gouvènman an.

Yon mesaj sèvis piblik ki sòti nan Depatman Lojman ak Devlopman Iben (Department of Housing and Urban Development) nan Etazini nan patenarya avèk Biwo pou Opòtinite Egal (Office of Equal Opportunity) nan Konte Palm Beach. Lwa sou Lojman Ekitab (Fair Housing Act) federal la entèdi diskriminasyon akòz ras, koulè, relijyon, orijin nasyonal, sèks, sitiyasyon familyal oswa andikap. Òdonans sou Lojman Ekitab nan Konte Palm Beach la entèdi diskriminasyon nan lojman akòz laj, eta sivil, idantite oswa ekspresyon seksyèl oswa oryantasyon seksyèl. Pou jwenn plis enfòmasyon, ale sou www.pbcgov.com/equalopportunity